# TARIYX PÁNIN OQITIWDA INTERAKTIV USILLARDIŃ ÁHMIYETI

**Elmuratova Ulbosın Xojabaevna**
*Nókis qalası 36- sanlı mekteptiń tariyx páni oqıtıwshısı*

**Annotaciya:** *Bul maqalada tariyx pánin oqıtıwda interaktiv usıllardan paydalanıwdıń pedagogikalıq hám psixologiyalıq áhmiyeti jaqtırtılǵan. Interaktiv bilim beriw bilim alıwshını aktiv qatnasıwshıǵa aylandıradı, onıń ǵárezsiz pikirlew, tallaw hám dóretiwshilik jantasıw qábiletin rawajlandıradı. Maqalada tariyx pánin zamanagóy talaplar tiykarında shólkemlestiriw, informaciya-kommunikaciya texnologiyaların engiziw hám oqıw procesinde studentlerdiń qızıǵıwshılıǵın arttırıwda interaktiv usıllardıń nátiyjeliligi tallanǵan.*

**Tayanish sózler:** *tariyx tálimi, interaktiv usıllar, tálim texnologiyaları, oqıtıw metodikası, aktiv tálim, ǵárezsiz pikirlew, tallaw, kreativ jantasıw, informaciya texnologiyası, tálim nátiyjeliligi.*

## KIRISIW

Búgingi kúnde tálim sisteması aldındaǵı tiykarǵı wazıypa - ǵárezsiz pikirleytuǵın, tallaw qıla alatuǵın, dóretiwshi hám aktiv shaxslardı tárbiyalawdan ibarat. Bul wazıypanı ámelge asırıwda dástúriy tálim usılları menen bir qatarda zamanagóy interaktiv tálim texnologiyalarınan paydalanıw áhmiyetli orın tutadı.

Interaktiv tálimniń mánisi sonda, ol oqıwshılardı aktiv baylanıs hám birge islesiw ortalıǵına tartadı, olardıń pikirlew, izleniw hám juwmaq shıǵarıw qábiletin rawajlandıradı. Bul usıllarda bilim alıwshı passiv tıńlawshı emes, al bilim jaratıw procesiniń tuwrıdan-tuwrı qatnasıwshısına aylanadı.

Tariyx pánin oqıtıwda interaktiv usıllar ásirese úlken áhmiyetke iye, sebebi tariyx - bul waqıyalar, sebepler hám nátiyjeleri tereń tallanıwı kerek bolǵan pán. Eger oqıwshı tariyxiy proceslerdi tek yadlap alsa, ol bilimdi durıs túsinbeydi; biraq eger ol bul processti talqılasa, bahalasa hám jeke pikirin bildirse, ol haqıyqıy bilimge iye boladı. Usı jaqtan, tariyx pánin oqıtıwda interaktiv jantasıw tálimniń mazmunın bayıtıwǵa hám oqıwshılardıń aktivligin arttırıwǵa xızmet etedi.

Házirgi waqıtta tálim sistemasında "student oraylı tálim," "aktiv tálim," "baylanıs tiykarında úyreniw," "joybar tiykarında tálim" sıyaqlı jantasıwlar keń qollanılmaqta. Olardıń barlıǵı interaktiv usıllarǵa tiykarlanadı. Mısalı, "mozg shturmi" (miyge hújim), "klaster," "dóńgelek tartıs" (debat), "pikirler kestesi," "rollı oyınlar," "keys stadi" (case study) hám basqa usıllar tariyx sabaqların aktiv, qızıqlı hám nátiyjeli etiw imkaniyatın beredi.

Bunday usıllar oqıwshılarda tek bilimdi emes, al mulahaza, tallaw, topar bolıp islew, baylanıs hám basshılıq kónlikpelerin rawajlandıradı. Tariyx pániniń wazıypası tek faktlerdi yadlatıw emes, al jaslarda tariyxiy sana, sınıy pikirlew hám milliy

maqtanısh sezimin qáliplestiriwden ibarat. Bul bolsa dál interaktiv usıllar járdeminde ámelge asırıladı.

Sonlıqtan, tariyx pánin oqıtıwda interaktiv usıllardan nátiyjeli paydalanıw - bul zaman talabı. Sebebi bul usıllar tálimniń sapasın arttıradı, pándi turmıslıq hám ámeliy baǵdarǵa jaqınlastıradı, oqıwshılardı ǵárezsiz pikirleytuǵın shaxslar sıpatında qáliplestiredi.

Interaktiv bilim beriwdiń pedagogikalıq hám metodologiyalıq tiykarları

Interaktiv bilim beriw - bul oqıwshılardıń belsendi qatnasıwın támiyinleytuǵın, qarım-qatnas, birge islesiw hám ǵárezsiz pikirlewdi rawajlandıratuǵın bilimlendiriw sisteması. Bul usılda bilim alıwshı maǵlıwmattı tayar halda qabıl etpeydi, al onı izlep tabıw, tallaw hám juwmaq shıǵarıw procesinde qatnasadı.

Pedagogika ilimi kózqarasınan interaktiv usıllar tek ǵana maǵlıwmattı jetkeriw emes, al shaxstı rawajlandırıw, oqıw procesin belsendirew hám dóretiwshilik ortalıqtı qáliplestiriw quralı esaplanadı.

Bilim beriw psixologiyasında interaktiv usıllar "aktiv bilim beriw" túsinigi menen tıǵız baylanıslı bolıp, olardıń tiykarǵı principleri tómendegilerden ibarat:

• Shaxsqa baǵdarlanǵan jantasıw - hár bir oqıwshınıń jeke pikirlewi hám qábiletin esapqa alıw.

• Birge islesiw ortalıǵı - oqıwshı hám muǵallim arasında teń qatnaslıqtı támiyinlew.

• Ámeliyat penen baylanıslılıq - teoriyalıq bilimdi turmıs mısalları menen baylanıstırıw.

• Sınıy hám dóretiwshilik pikirlewdi rawajlandırıw - bilimdi yadlaw emes, túsiniw hám qayta bayan etiwge itibar beriw.

Usı jaqtan, tariyx pánin oqıtıwda interaktiv usıllar tek ǵana bilim beriw nátiyjeliligin arttırıp qoymastan, al oqıwshılarda tariyxıy waqıyalarǵa jeke kózqarastı qáliplestiredi. Olar tek waqıya hám sáneni yadlap qalmay, al ótmish waqıyalarınıń sebep hám nátiyjelerin tallaydı, olardan juwmaq shıǵaradı.

Tariyx pánin oqıtıwda qollanılatuǵın tiykarǵı interaktiv usıllar

Tariyx bilim beriwinde interaktiv usıllar júdá kóp, biraq olardıń ayırım túrleri ásirese nátiyjeli esaplanadı. Tómende bilim beriw ámeliyatında keń qollanılatuǵın tiykarǵı usıllar keltirilgen:

a) "Miyge hújim" (Brainstorming - pikirler dawılı)

Bul usıl arqalı oqıwshılar bir tema boyınsha óz pikirlerin erkin bildiredi. Mısalı, "Temir dáwirinde mámleketlik basqarıwdıń artıqmashlıqları nede?" sorawı beriledi. Hár bir oqıwshı óz pikirin aytadı, keyin olar toparda talqılanadı. Bul usıl studentlerdiń dóretiwshilik pikirlewin rawajlandıradı hám tariyxıy waqıyalardı kóp tárepli tallaw kónlikpesin qáliplestiredi.

b) "Debat" (Pikir alısıw)

Pikir alısıw usılı tariyx sabaqlarında júdá nátiyjeli. Mısalı, "Ámir Temir oraylasqan mámleket qurıwda qanday dárejede tabısqa eristi?" temasında eki topar qarama-qarsı

pikirlerdi aytadı. Bul usıl sınıy pikirlew, dálil keltiriw hám derekler menen islesiw kónlikpesin rawajlandıradı.

c) "Rolli oyınlar" (Role Play)

Oqıwshılar tariyxıy shaxslar rolin atqaradı. Mısalı, biri - Ámir Temir, ekinshisi - Sahıpqırannıń wáziri, úshinshisi - dushpan mámleket elshisi bolıp saxna kórinisin tayarlaydı. Bul usıl arqalı oqıwshı tek ǵana waqıyanı úyrenbeydi, al tariyxıy shaxslardıń dúnyaqarasın sezinedi.

d) "Keys stadi" (Case Study - ámeliy tallaw)

Bul usıl tariyxıy waqıyanı turmıslıq mısal sıpatında úyreniwge qaratılǵan. Mısalı, "Orta ásirlerden keyin siyasiy reformalar nátiyjesinde mámleket basqarıwı qalay ózgergen?" degen soraw arqalı oqıwshılar tariyxıy hádiyseni sebep-nátiyje kózqarasınan tallaydı.

e) "Klaster" hám "Pikirler kestesi" usılları

Bul usıllar maǵlıwmatlardı sistemalastırıw, toparlastırıw hám kórnekilik formada tallaw imkaniyatın beredi. Mısalı, "Jáhán urıslarınıń sebepleri hám nátiyjeleri" temasında toparlar sxema hám keste járdeminde juwmaq shıǵaradı.

Interaktiv usıllardıń bilim beriw nátiyjeliligine tásiri

Interaktiv usıllar tariyx táliminde bir qansha áhmiyetli nátiyjelerin beredi:

Pikirlew belsendiligın arttıradı.

Oqıwshı faktlerdi passiv qabıl etpeydi, al tallaw hám juwmaq shıǵarıwǵa úyrenedi.

Derekler menen islew kónlikpesin rawajlandıradı.

Tariyxıy hújjetler, kartalar, súwretler hám xatlar menen islew arqalı ámeliy tallaw kónlikpeleri qáliplesedi.

Tariyxıy sana hám milliy maqtanıshtı kúsheytedi.

Interaktiv sabaqlar arqalı jaslar óz milletiniń ótmishi menen maqtanıw, watansúyiwshilik sezimin seziniw imkaniyatına iye boladı.

Jámiyette islew mádeniyatın qáliplestiredi.

Topar menen pikir almasıw, tıńlaw hám basqalardıń pikirine húrmet penen qatnasta bolıwdı úyretedi.

Juwmaq

Tariyx pánin nátiyjeli oqıtıwda interaktiv usıllardan paydalanıw - bul dáwir talabı. Házirgi tálim sisteması tek ǵana maǵlıwmat beriw emes, al jaslarǵa ǵárezsiz pikirlewdi, tallaw qılıwdı, oylap kóriwdi hám juwmaq shıǵarıw qábiletin rawajlandırıwdı tiykarǵı maqset etip qoyadı. Bul proceste dástúrli usıllar menen birge interaktiv tálim texnologiyaların engiziw tálim sapasın hám nátiyjeligin keskin arttıradı.

Interaktiv usıllar arqalı oqıwshılar tek ǵana maǵlıwmat qabıl etiwshi emes, al bilim jaratıw processiniń aktiv qatnasıwshısına aylanadı. Olar tariyxıy waqıyalarǵa qarata jeke qatnas bildiriw, sebep hám aqıbetlerdi tallaw qılıw, dáliller tiykarında pikir

bildiriw kónlikpesine iye boladı. Bul bolsa jaslarda tariyxıy sana, milliy maqtanısh hám watansúyiwshilik sezimin qáliplestiredi.

Sonıń menen birge, interaktiv tálim formaları - "miyge hújim", "pikir alısıw", "rollik oyınlar", "keys stadi", "klaster" hám basqalar - oqıw processın qızıqlı, aktiv hám dóretiwshilik ortalıǵına aylandıradı. Bul usıllar oqıwshılarda toparda islew, qarım-qatnas qılıw, basqalar pikirin tıńlaw hám húrmet penen qatnasta bolıw mádeniyatın da rawajlandıradı.

Juwmaqlap aytqanda, tariyx pánin oqıtıwda interaktiv usıllardıń áhmiyeti tómendegishe añlatıladı:

Tálim nátiyjeligin arttıradı hám pándi turmıs penen baylanıstıradı.

Oqıwshılardıń pikirlew aktivligin kúsheytedi, ǵárezsiz tallaw qılıw qábiletin rawajlandıradı.

Milliy hám ulıwma insanıy qádiriyatlarǵa sadıq, aktiv puqaralıq poziciyasına iye jaslarǵa tálim-tárbiya beredi.

Tálim processinde axborot texnologiyalarınan paydalanıw imkaniyatın keńeytedi.

Sonıń ushın, hár bir tariyx oqıtıwshısı óz jumısında házirgi interaktiv usıllardan paydalanıwǵa, olardı milliy tálim sisteması ózgesheliklerine ıqlaslandırıwǵa hám olar arqalı tálimniń mazmunı hám sapasın joqarılatıwǵa umtılıwı kerek.

Interaktiv tálim - bul tek usıl emes, al pedagogikalıq mádeniyat, jámiyetlik juwapkershilik hám dóretiwshilik jantasıwdıń házirgi kórinisi esaplanadı.

## PAYDALANILǴAN ÁDEBIYATLAR:

1. Интерактивные технологии в обучении. «Педагогика нового времени» / Карпенко Е. А., Райс О. И. — 2020.

2. Методика преподавания истории в школе / Студеникин М. Т. — 2000.

3. Умумий педагогика: I қисм / Мусурманова А., Ибрагимов Х., Жамолдинова О., Рисқулова К. — 2020.